

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Jangji Gusti
ka Abraham



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Tammy S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Lami sanggeus Caah,
jelema di bumi
nyieun rencana.



"Urang bakal ngawangun kota
anu ageung kalayan munara anu
ngahontal ka langit," ceuk
maranehanna. "Hayu urang
hirup babarengan salawasna."
Sadayana nyarios nganggo basa
anu sami.



Gusti hoyong urang-urang hirup di sakuliah dunya anu tos di ciptakeun ku Gusti. Ku kituna Anjeunna ngalakukeun hal anu husus. Ngadadak jalma-jalma téh nyarios nganggo basa anu beda-beda. Gusti masihan aranjeunna basa-basa nu anyar.




Maranéhanana anu nyarios nganggo basa nu sarua,
der parindah babarengan. Meureun ieu teh matak
jalma sararieuneun ka jalma séjén anu nyariosna
teu kaharti.




Kukituna, Gusti ngajantenkeun maranehanna
nyumponan sagala rupa nagara. Kota anu
maranéhanana kantunkeun disebut Babel, anu
hartina bararingung.




Mangtaun-taun sanggeusna, di hiji tempat nu disebut Ur urang Kasdim, Gusti ngandika ka saurang lalaki nu ngaranna Abram. "Tinggalkeun ieu tanah," paréntah Gusti. "Pindah ka tanah anu bakal kuring tunjukkeun ka anjeun."




Abram nurut. Gusti nungtun anjeunna
ka Kanaan. Pamajikanna Sarai jeung
alona Lot indit jeung manéhna.




Di Kanaan, boh Abram sareng
Lot hirup dina kabeungharan.
Aranjeunna ngagaduhan ternak
sapi. Teu aya jujukutan anu
cekap kanggo eta ternak.




Tukang angon Lot paséa sareng tukang angon Abram. "Hayu urang mah tong aya masalah," saur Abram. "Urang kudu papisah. Lot, mangga ti payun tangtukeun tanah anu mana anu dipipkahoyong."



Lot milih dataran jukut anu kacida
legana katambah aya kota sareng
desa. Éta teh katingalina mah saé.
Namung kota-kota éta tempatna
jalma anu jarahat pisan.






Sanggeus Lot mios, Gusti wagel deui ka Abram. "Abdi mikeun sakumna taneuh Kanaan ka anjeun sarta anak-anak anjeun kanggo salamina." Abram sarta Sarai henteu ngagaduhan putera.

Kumaha Gusti tiasa nedunan jangji-Na anu agung?



Tilu urang
utusan
Gusti dongkap
ka Abram sarta
Sarai.



"Anjeun geura
bakal gaduh orok," saurna. Sarai tuluy seuri.
Anjeunna teu cangcaya kana jangji Gusti. Sabab
anjeuna téh yuswana tos salapan puluh tahun.





Gusti ngandika ka Abram yén anjeunna bakal dijulukan Abraham {"bapana bapa-bapa"} sarta Sarai janten Sarah {"putri"}.







Gusti oge talatah ka Abraham yen bade ngancurkeun dua kota jahat, nyaeta Sodom jeung Gomorah. Lot, alo Abraham, nyicingan kota Sodom sareng kulawargana.




Lot percanten
mepeling Gusti sabot
eta dongkap, nanging
minantuna nampik
kanggo ninggalkeun
Sodom. Tragis pisan!
Maranehanana
henteu percanten
Pangandika Gusti.




Ngan Lot sareng dua putrina
anu salamet. Seuneu jeung
belerang ninggang kana eta
kota jahat.



Hanjakalna, pamajikan Lot teu
taat kana pépéling Gusti, bari
lumpat anjeunna noleh ka tukang.
Tuluy manéhna
jadi tihang uyah.



Gusti ngaregepkeun
jangji-Na ka
Abraham
sarta Sarah.
Maranehanna
ngagaduhan
putera dina yuswa
maranehanna
anu tos sepuh.
Maranehna
pada bungah
sabot babar Isak.



Panginten Abraham ogé
ngémutan jangji Gusti bakal
masihan anjeunna sareng
anak-anakna tanah
Kanaan salamina. Gusti
oge tangtu bakal
nedunan jangji éta.



Gusti
salawasna
nedunan jangji-Na.



Jangji Gusti ka Abraham


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 11-21

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



4



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

